

Bonjou Paran,

Nou bay pitit ou a piblikesyon liv ki rele Nòm minisipal onivo mezi n ap pran pou disipline elèv e pou entèvni lè yo konpòte yo mal (Kòd disiplin) pou ane 2008, ak de kopi Kontra sou konpòtman elèv ki bay yon rezime sou konpòtman nou ekzije pou pitit ou a genyen nan lekòl la.

Kòd disiplin lan ak Kontra sou konpòtman an reprezante de eleman onivo zefò n ap toujou fè pou mentni yon anviwonman sandanje e ankourajan pou tout elèv. Li enpòtan anpil pou tout elèv konprann règleman lekòl yo ak konpòtman nou ekzije yo genyen nan lekòl la. Nou apresye anpil zefò w ap fè pou w li dokiman sa yo, e pou w diskite osijè yo avèk pitit ou a.

Lè w fin pale avèk pitit ou a, nou toude, ou menm ak pitit ou a, dwe siyen yon kopi kontra konpòtman an, epi ou dwe mande pitit ou a pote kopi kontra siyen an ba pwofesè li a. Ou dwe kenbe lòt kopi a ak Kòd disiplin lan lakay ou.

Si w ta vle poze kesyon, tanpri telefone lekòl la nan _____.

Mèsi poutèt ou ede n amelyore lekòl nou yo pou fè yo pi djanm e sandanje pou pitit ou a (yo).

Ak senterite,

Direktè